THE LANCET
Global Health

## Supplementary appendix 5

This translation in Shona was submitted by the authors and we reproduce it as supplied. It has not been peer reviewed. *The Lancet*'s editorial processes have only been applied to the original in English, which should serve as reference for this manuscript.

Shanduro iyi muShona yakatumirwa nevanyori uye tinoiburitsa sekupihwa kwatakaitwa. Huye hayina kuongororwa nevezera. Maitiro ekupepeta e Lancet angoshandiswa chete kugwaro rekutanga, iro rinofanira kushanda seumboo hwechinyorwa.

Supplement to: Lawrence DS, Muthoga C, Meya DB, et al. Cost-effectiveness of single, high-dose, liposomal amphotericin regimen for HIV-associated cryptococcal meningitis in five countries in sub-Saharan Africa: an economic analysis of the AMBITION-cm trial. *Lancet Glob Health* 2022; **10:** e1845–54.

Shanduro iyi muShona yakatumirwa nevanyori uye tinoiburitsa sekupihwa kwatakaitwa. Huye hayina kuongororwa nevezera. Maitiro ekupepeta e Lancet angoshandiswa chete kugwaro rekutanga, iro rinofanira kushanda seumboo hwechinyorwa.

**Ongororo yemunyika shanu yenzira isingashandisi mari yakawanda asi ichiitwa nemazvo ye*AMBITION-cm* yemushonga we Liposomal Amphotericin B une simba guru uye uchipiwa kamwe chete kurapa chirwere che "Cryptococcal Meningitis" muvanhu vanorarama neutachiona hweHIV mudunhu reAfrika**

**Nhoroondo:** Chirwere che "Cryptococcal Meningitis" muvanhu vanorarama neutachiona hwe HIV ndicho chinonyanyouraya vanhu ava. Ongororo yekutsvaga kuona mashandiro emushonga ye *AMBITION-cm* yakaratidza kuti mushonga unopiwa kamwe chete asi uine simba guru rekurapa we *Liposomal Amphotericin B (chikwata chevarwere chaipiwa mushonga weAmBisome)* wanga uchishanda zvakangofanana nenzira yemarapiro yakabvumidzwa kushandiswa nesangano rinoona nezveutano pasi rose re WHO, yekupa mushonga we *Amphotericin B deoxycholate (chikwata chevarwere change chichirapwa nenzira dzagara dzichishandiswa)* kanomwe, uye wakaonekwa kuti une matambudziko mashoma aunokonzeresa. Chinyorwa chino chiri kupa ongororo yenzira isingashandisi mari yakawanda asi ichiitwa nemazvo yakaitwa munyika shanu.

**Maitirwo eongororo:** Pakapinzwa vanhu mazana masere ane gumi nevana (814) mu nyika shanu dzinoti Botswana, Malawi, South Africa, Uganda, neZimbabwe. Tichitora muono wekuwaniswa kwezveutano, takatora mutengo pamunhu wega wega panyika yega yega uye zvine chekuita nemunhu wega wega akapinda mutsvakurudzo mukati memavhiki gumi

aiitwa ongororo. Tikatsvaga kuziva uwandu hwemari hungadiwa pamunhu wega wega ari muchikwata chevanhu vari kupiwa mushonga unenge uri kuongororwa mashandiro awo, musiyano wemari ingangodiwa pakati pemapoka maviri evanhu vari kupiwa mushonga unenge uri kuongororwa mashandiro awo sezvo vaine urwere hwakafanana uye ongororo inoenzanisa zvinodiwa pakurapa murwere nezvinozobuda mushure mekurapwa uku inowanzoongorora nzira dzinodarika imwe chete dzekurapa pamunhu wega wega anenge arapwa akararama mugore rimwe chete. Ongororo yevanhu vanenge vakasarudzwa yemhando ye*Non-parametric bootstrapping and scenarios* yakaitwa kusanganisira mashoko ari pamusoro peutano hwemurwere.

**Zvakabuda mutsvakurudzo:** Tichishandisa nyika yeMalawi semuenzaniso unomiririra dzimwe nyika, mari ingadiwa pamunhu wega wega anopinda muongororo i$1369 muchikwata chiri kupiwa mushonga mutsva weAmBisome uye $1237 muchikwata chayirapwa nenzira dzakagara dziriko. Ongororo inoenzanisa mari inodiwa pakurapa murwere nezvinozobuda mushure mekurapwa uku inowanzoongorora nzira dzinodarika imwe chete dzekurapa yakaita $128 (95%CI;$59-$257) pamunhu wega wega anenge arapwa akararama mugore rimwe chete. Pasingaverengwe mari dzaidiwa pakuitwa kweongororo kusvikira yapera, uye pachishandiswa chipimo chinoongorora zvinhu zvingakanganisa utano hwemurwere, mari yekushandisa pamurwere wega wega anenge arapwa akararama pagore rega rega yakaderedzwa kusvika ku$80 (95%CI;$15-$275). Shanduko yenguva yekugara muchipatara munhu achirapwa uye mari dzemishonga yekurapa zvirwere zvinokonzerwa ne*fungi* zvakaratidza kuti zvine chekuita chakanyanya panyaya yekudavira kwemishonga. Zvakabuda zvakanga zvakafanana munyika dzese kuchitiwo mari inodiwa pamurwere wega

wega anenge arapwa akararama pagore rega rega ichibva pa$71 muBotswana kusvika pa$121 muUganda.

**Zvazvinoreva:** Mushonga weAmBisome wakashanda zvakanaka zvakange zvisingade mari yakawanda. Mushonga uyu unokwanisa kusatonyanyodhura mukushandiswa kwawo nekuda kwekuti hauna zviri mauri zvinokuvadza anenge achiushandisa uye unoita kuti munhu asagara muchipatara kwenguva refu.